



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 03/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PRESKE \$3.45 MILYON DOLA NAN FWOD BENEFIS
YO TE KOLEKTE POU REPEYE FON KREDI ASIRANS CHOMAJ**

Depatman Travay sou bon vwa pou l depase total ane pase a

Repatisyon Konte pa Konte nan rekiperasyon an disponib [la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor) te rekiperere preske \$3.45 milyon dola fwod nan benefis chomaj ke yo te jwenn pandan premye 10 mwa nan ane 2016 la. Kantite lajan restitasyon ke yo te rekiperere jiska prezan ane sa mete Eta New York sou wout pou l depase rekò total ane pase a.

“Benefis chomaj fèt pou Nouyòkè yo ki nan bezwen, e administrasyon sa pa gen tolerans pou moun sila yo kap chèche eksplwate sistèm nan pou benefis pèsònèl yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Efò agresif nou pou redwi sou fwod ap rekiperere plizyè milyon dola pou asire ke benefis sa yo ale jwenn moun ki merite yo.”

Biwo Envestigasyon Spesyal Depatman Travay la (Department of Labor's Office of Special Investigations) te idantifye ka fwod asirans chomaj ke yo te sispèk epi pouswiv pa Biwo Avoka Distri lokal yo. Pouswit ki gen siksè pral lakoz nan restitasyon Fon Kredi a. Nan 2015, biwo a te etabli yon rekò, kolekte plis pase \$3.7 milyon dola nan restitasyon ki soti nan 568 ka nan tout eta.

Kantite lajan ki te kolekte jiska dat nan 2016 la se \$3.447 milyon, 93 pousan nan kantite lajan total ki te kolekte nan 2015 ak yon ogmantasyon 8 pousan sou menm peryòd la nan 2015, sa ki mete eta sou direksyon pou etabli yon nouvo rekò anyèl ane sa a.

Komisyonè Travay Eta Roberta Reardon te deklare, “Depatman Travay Eta angaje pou asire ke sekirite nèt benefis asirans chomaj ke yo bay la rete entak. Grasa travay anplwaye angaje nou yo, nou te idantifye fwod epi mete fen ladan rapidman. Mwen remèsye patnè nou yo nan biwo Avoka Distri yo nan eta pou asistans kontinyèl yo kòm nap chèche pou mete fen nan fwod asirans chomaj.”

Depatman Travay ap jere youn nan pi gwo sistèm asirans chomaj nan peyi a. Patwon ki nan eta a bay kontribisyon yo nan Fon Kredi Asirans Chomaj (New York's Unemployment Insurance Trust Fund). Lè Fon Kredi a fòse peye Lajan an akòz yon

reklamasyon ki gen fwod, patwon yo gen pou peye plis lajan.

Eta New York se yon lidè nasyonal nan prevansyon ak ankèt fwod asirans chomaj. Depatman Travay Etazini te chwazi Eta New York nan 2012 pou loje Unemployment Insurance National Integrity Center of Excellence, sa kap travay pou idantifye, devlope ak pilote nouvo strateji ak zouti pou konbat move peman ak fwod sou yon nivo nasyonal.

Nenpòt moun ki gen enfòmasyon sou posib fwod nan asirans chomaj ta dwe rele liy dirèk gratis anonim Depatman Travay la pou fwod nan nimewo (888) 598-2077 oswa vizite www.labor.ny.gov/fraud.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418